



Pou Piblikasyon Imedya: 22/09/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**MOVE-IN NY: GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON AVANSMAN AN TÈM AKSÈ POU VIN PWOPRIYETÈ KAY ABÒDAB POU NOUYÒKÈ YO**

*Kay demaraj inovan, prefabrike, konstwi nan yon fraksyon tan, nan prèske mwatye pri a*

*Gouvènè a mete aksan sou lansman yon inisyativ 50 milyon dola pou kreye plizyè santèn kay abòdab anplis atravè eta a*

*Konstwi sou angajman Gouvènè a pou ede plis fanmi reyalize rèv aksè pou vin pwopriyetè kay la*

*Foto Gouvènè Hochul k ap vizite modèl Syracuse la [Isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse lansman "MOVE-IN NY" jodi a, yon pwogram inovan an tèm aksè pou vin pwopriyetè kay abòdab ke li te defann, ki te pilote avèk siksè avèk kreyasyon twa nouvo kay demaraj nan vil Schenectady, Syracuse, ak Komin Newcomb. Pwogram nan ap agrandi kounye a nan tout eta a pou konstwi jiska 200 lòt kay anplis.

"Inisyativ inovan sa a gen potansyèl pou revolisyone fason nou kreye kay demaraj ak yon bèl konsepsyon, ki gen kalite siperyè nan Nouyòk", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Avèk koperasyon patnè lokal nou yo nan zòn iben, riral ak banlye eta a, pwogram MOVE-IN nan pral ede adrese pwoblèm pri lojman k ap monte a epi pèmèt plis Nouyòkè peye yon kay ki rele pa yo epi reyalize rèv pou yo vin pwopriyetè kay la."

Pwogram pilòt la nan twa premye kominote yo te yon kolaborasyon ant Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta Nouyòk, ak Champion Homes, yon konpayi lojman prefabrike ki baze nan vil Sangerfield nan konte Oneida. Kay yo ki gen twa chanm, de twalèt, ki mezire 139 mètr kare (1,500 pye kare), ki gen ladan yon galri ak yon garaj, te fabrike nan yon faktori epi answit enstale sou tè vid ki posede pa bank tè lokal yo. Kay yo te pran-sis mwa pou fini epi yo te koute anviwon 250,000 dola pou konstwi ak enstale yo — ki jiska twa fwa pi rapid e prèske mwatye pri kay menm gwo ki konstwi lè yo sèvi avèk metòd konstriksyon tradisyonèl yo. Y ap vann kay yo pou mwens pase pri konstriksyon an bay moun ki gen revni fèb ak modere.

An koneksyon avèk elajisman pwogram nan, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (HCR) Eta Nouyòk pral ouvri yon Demann Aplikasyon (Request for Applications, RFA) a 4:00 PM ET. Gouvènman lokal ki enterese, bank fonsyè, pwomotè kay san bi likratif yo ak manifaktirè kay yo ka aprann plis epi aplike pou patisipe lè yo vizite <https://hcr.ny.gov/moveinny>.

Toupatou nan Nouyòk, kay ki pi piti e ki pi abòdab — souvan yo rele "kay demaraj" — vin pi ra, sa ki anpeche jèn ak fanmi yo vin pwopriyetè kay ak granmoun aje Nouyòk yo ale viv nan kay ki pi piti. Nan dènye ane sa yo, pri konstriksyon, materyèl ak to enterè yo te monte wo anpil, sa ki fè pri tipik pou konstwi yon ti kay inifamilyal nan Nouyòk rive jiska 450,000 dola oswa plis.

Nan kad Diskou Eta Leta 2025 li a, Gouvènè Hochul te pwopoze itilize apwòch inovan nan konstriksyon kay pou katalize konstriksyon premye kay yo epi ede kreye plis opòtinite pou gen aksè pou vin pwopriyetè kay abòdab. Pwogram MOVE-IN NY la itilize avantaj kay prefabrike yo pou konstwi rapidman kay pou kòmanse ki pi abòdab nan kominote yo toupatou nan Nouyòk. Pwogram nan finanse pa 50 milyon dola Gouvènè a te garanti nan Bidjè Eta a pou ane fiskal 2025-26 la. Kay ki prefabrike yo itilize nan pwogram MOVE-IN NY la ka konstwi byen vit e ekonomikman, nan yon gwo echèl. Kay sa yo ke yo rele "CrossMods", yo sanble ak kay tradisyonèl inifamilyal epi yo ka entegre nan tout kalite mache lojman, tankou kominote iben, banlye ak riral yo.

CrossMod yo konstwi dapre Kòd Estanda Konstriksyon ak Sekirite Kay Prefabrike Federal HUD la epi yo satisfè direktiv konsepsyon ki apwouve pa Fannie Mae ak Freddie Mac, sa ki pèmèt achtè kay yo jwenn aksè ak ipotèk konvansyonèl yo.

Ekspansyon MOVE-IN NY la ap chache travay avèk kominote ki gen yon gwo volim tè vid ki klase kòm rezidansyèl, ak lokalite kote opòtinite pou rezidan yo vin pwopriyetè kay abòdab pa aksesib. HCR ap kontinye eksplòre tou lòt inovasyon nan kay pou kòmanse ki konstwi nan faktori pou konstwi lòt modèl, tankou kay an ranje ak lòt kay plizyè etaj, ki ta ka sèvi kominote ak katye ki gen plis moun.

Pwogram sa a konplete travay HCR pou fè pwomosyon pou pwopriyetè kay abòdab, tankou Pwogram Opòtinite pou vin Pwopriyetè Kay Abòdab li a, Pwogram Avantaj Kay Prefabrike li a, ak seri pwogram ipotèk pou achtè kay Ajans Ipotèk Eta Nouyòk li a.

### **Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk la, RuthAnne**

**Visnauskas, te deklare** "Pwogram MOVE-IN nan reprezante yon chemen inovan pou kreye opòtinite pou vin pwopriyetè kay abòdab. Envestisman 50 milyon dola sa a pral pèmèt eta a ankouraje yon fason sinifikatif pwodiksyon plis lojman nan yon vitès rekò pou adrese pwoblèm mank lojman an. Mèsi Gouvènè Hochul paske li mete plis zouti nan bwat zouti nou an pou nou te ka kreye nouvo chemen pou moun Nouyòk yo vin pwopriyetè kay. Epi yon remèsiman espesyal pou patnè nou yo nan Syracuse, Schenectady, ak Newcomb, ansanm ak Champion Homes, paske yo pwouve pwogram sa a pral yon siksè!"

## **Agenda Lojman Gouvènè Hochul la**

Anons jodi a yo apiye sou bilan solid Gouvènè Hochul depi lè li te antre an fonksyon pou sipòte pwopriyetè kay nan Eta Nouyòk. Nan mwa janvyè 2022, Gouvènè Hochul te lanse premye Fon Asistans pou Pwopriyetè Kay nan peyi a ki vo 465 milyon dola pou ede 19,600 pwopriyetè kay ki te an reta nan peman akòz pandemi an rete nan kay yo. Kòm yon pati nan Bidjè Eta a ki te Adopte pou Ane Fiskal 2023 la, li te aplike yon Plan Lojman 25 milya dola pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki gen ladan opòtinite pou vin pwopriyetè kay. Yo te kreye oswa konsève plis pase 65,000 kay jiska dat.

Anba lidèchip Gouvènè a, HCR a te bay plis pase 1.8 milya dola pou prèske 8,000 ipotèk pou moun k ap achte kay pou premye fwa epi li te finanse plis pase 8,000 nouvo kay pou vann. Depi lè Gouvènè Hochul te antre an fonksyon, Nouyòk te kreye yon pwogram asistans pou peman inisyal nan tout eta a ki te bay plis pase 60 milyon dola a 5,000 pwopriyetè kay pou premye fwa, yon pwogram 50 milyon dola pou ede pwopriyetè kay ki kalifye yo ak reparasyon ijans, ak yon pwogram 90 milyon dola pou ede pwopriyetè kay ki afekte yo rekipere apre tanpèt yo.

Nan mwa desanm 2023, Gouvènè Hochul te siyen yon lejislasyon ki ranfòse pwoteksyon pou plizyè milye pwopriyetè kay nan pwosesis sezi kay la. Nan mwa novanm 2023 ak avril 2024, Gouvènè a te defann epi siyen nouvo pwoteksyon lwa sivil ak kriminel pou pwopriyetè kay kont vòl akt, kreye krim vòl akt nan lwa sou vòl la pou premye fwa, bay pwokirè yo zouti ki pi solid pou konbat krim terib sa yo, epi kreye mezi prevantif adisyonèl an patenarya ak Pwokirè Jeneral Eta Nouyòk (New York State Attorney General, NYOAG) la, Tish James. Depi lè Gouvènè a te antre an fonksyon, li menm ak NYOAG te sipòte 160 milyon dola jiska prezan nan sèvis legal pou Pwogram Pwoteksyon Pwopriyetè Kay (Homeowner Protection Program, HOPP), ki te bay sèvis esansyèl pou 15,000 pwopriyetè kay ki an risk, prezève plizyè milyon dola nan ekite epi estabilize kominote yo.

An 2025, Gouvènè a te pran plis mezi pou dekouraje gwo investisè enstitisyonèl yo pou yo pa achte kay an mas pou ede egalize teren jwèt la pou achtè kay òdinè yo, tankou yon peryòd datant 90 jou pou òf nan men investisè sa yo epi retire sèten avantaj fiskal.

**Senatè Eta a, Rachel May, te deklare,** "Syracuse se yon vil ki chaje ak potansyèl, men twò souvan potansyèl sa a bloke nan teren vid ak pri lojman ki pa aksesib. Avèk MOVE-IN NY, n ap pwouve ke nou ka pote nouvo lavi nan katye nou yo, kreye chemen reyalizab pou vin pwopriyetè kay, epi bati kalite kay ki pèmèt plis moun pran rasin epi bati fanmi isit la. Se egzakteman kalite inovasyon sa a nou bezwen pou nou devlope kominote ki pi solid ak pi akeyan nan tout Nouyòk Santral."

**Manm Asanble Angelo Santabarbara te deklare,** "Chak fanmi merite opòtinite pou reyalize rèv pou yo vin pwopriyetè kay yo, epi pwogram MOVE-IN NY la ap fè sa posib nan kominote tankou Schenectady ak atravè eta nou an. Lè nou itilize metòd konstriksyon inovan pou diminye depans epi akselere konstriksyon an, n ap ouvri pòt

pou moun k ap achte kay pou premye fwa epi kreye nouvo opòtinite pou fanmi ki ta ka bay pri otreman. Sa a se yon investisman entelijan nan katye nou yo, nan mendèv nou an, ak nan lavni Nouyòk."

**Gary R. McCarthy, ki se Majistra Schenectady, te deklare,** "Pwogram Move-In New York la se yon zouti entelijan e apwopriye pou ede nou bati lojman kalite siperyè nan yon ritm rapid epi adrese kriz abòdablite lojman kominote yo ap fè fas atravè eta nou an. Schenectady fyè pou l montre chemen an kòm youn nan premye vil ki patisipe nan inisyativ sa a, epi nou rekonesan anvè Gouvènè Kathy Hochul ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominotè Eta Nouyòk paske yo se patnè eksepsyonèl pou vil nou an epi paske yo te montre chemen an nan inovasyon lojman atravè Eta Nouyòk."

**Prezidan Bank Fonsyè Rejyon Kapital (Capital Region Land Bank) la, Richard Ruzzo, te deklare,** "Satisfè bezwen lojman kominote nou an rete yon eleman santral nan misyon Bank Fonsyè a. Nou remèsye Gouvènè Hochul ak Komisè Visnauskas pou opòtinite pou patisipe nan pwogram pilòt enpòtan sa a, epi nou anvi akeyi yon fanmi nan nouvo kay yo nan Schenectady trè byento."

**Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral Bank Fonsyè Konte Essex la, Nicole Justice Green, te deklare,** "Lansman kay CrossMod sa a nan Newcomb make yon moman transfòmasyon pou Bank Fonsyè Konte Essex la ak pou kominote riral yo atravè eta a, espesyalman sa yo ki nan Pak Adirondack la. Antanke youn nan premye bank fonsyè riral nan Nouyòk, n ap pwouve ke modèl lojman inovan ka pran rasin menm nan kwen ki pi lwen nan eta a. Pwojè sa a demontre sa ki posib lè patnè eta ak lokal yo travay ansanm pou pote kay aksesib ki gen kalite siperyè bay moun ki pi bezwen yo."

**Katelyn Wright, Direktris Egzekitif Bank Fonsyè Greater Syracuse, te deklare,** "Nou gen èpou nou te patisipe nan pwogram pilòt CrossMod la epi nou te enpresyone wè jan pwosesis konstriksyon an te rapid. CrossMods prezante yon opòtinite rapid e abòdab pou mete plis inite lojman ki gen kalite siperyè, ki nouvo e ki an sante an sèvis nan kominote nou an. Mèsi Gouvènè Hochul ak HCR."

**James Davis, Direktè Vant Champion Homes, te deklare,** "Bezwen pou lojman abòdab la pa pral disparèt. Pwogram MOVE-IN nan adrese kriz lojman an dirèkteman ak lojman prefabrike. Pwogram nan mete kay abòdab sou mache a byen vit. Nou remèsye Gouvènè Hochul, Komisè Visnauskas, ak tout patnè nou yo pou lidèchip yo."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)